

# 9 avril

**Senyè a, Bondye a, bay nonm nan lòd sa : Ou mèt manje donn tout pyebwa ki nan jaden an. Men, piga ou manje donn pyebwa ki fè moun konnen sa ki byen ak sa ki mal la. Paske, jou ou manje l, w ap mouri.** Jenèz 2. 16, 17

**Men sa ki lavi etènèl la : Se konnen ou menm, sèl vrè Bondye a, ak Jezi Kris, sila ou voye a.** Jan 17. 3

## **Chit la**

Lè yo pale de “chit” nan langaj kretyen, yo vle pale de premye paj nan Bib la, lè Adan ak Ev te dezobeyi Bondye. Yo te tonbe anba tantasyon sèpan an, djab la.

Bondye te kreye tout bagay pou benediksyon lòm, ki te lib pou li manje donn tout pyebwa nan jaden an, eksepte yon sèl. Si lòm manje donn “pyebwa ki fè moun konnen sa ki byen ak sa ki mal la”, l ap mouri. Men djab la simen dout sou pawòl Bondye a, lè l di : “Nou p ap mouri vre !”, epi li ajoute : “nou va tankou Bondye” (Jenèz 3. 4, 5). Li ta vle fè konnen Bondye pa pèmèt lòm menmjan ak li, e, si li dezobeyi, li kapab rive nan yon lòt nivo kote l ap endepandan de Bondye epi vin devni egal ak Bondye ; lè sa a l ap ka fè tout bagay pou kont li e l ap ka deside sa ki byen ak sa ki mal.

Adan ak Ev te manje nan fwi Bondye te defann yo manje a, e sa Bondye te di a, te rive. Li te chase yo devan li, li te retire nan men yo, dwa pou yo gen relasyon avèk li, men ak responsablite. Se kondisyon sa a yo te transmèt nou.

Men Jezi te gen viktwa sou djab la epi li te louvri yon chemen pou lòm ka jwenn relasyon ak Bondye ankò. Kòm Adan se te chèf yon gwoup moun ki te lwen Bondye, Jezi se chèf yon gwoup moun ki gen lavi Bondye, ki vin jwenn li. Jezi, pa lanmò li, te deja ba yo lavi etènèl. Kòman ou ka vin jwenn li ? Lè w kwè sa l te di ak sa li te fè a. Lè w ap priye li.

# 9

avril

**L'Éternel Dieu commanda à l'homme : Tu mangeras librement de tout arbre du jardin ; mais de l'arbre de la connaissance du bien et du mal, tu n'en mangeras pas ; car, au jour où tu en mangeras, tu mourras certainement.** Genèse 2. 16, 17

**La vie éternelle, c'est qu'ils te connaissent, toi le seul vrai Dieu, et celui que tu as envoyé, Jésus Christ.**

Jean 17. 3

## La chute

Quand on parle de “la chute” dans le langage chrétien, on se réfère aux premières pages de la Bible, lorsque Adam et Ève ont désobéi à Dieu. Ils ont succombé à la tentation du serpent, le diable.

Dieu avait tout créé pour le bonheur de l'homme, libre de manger de tous les arbres du jardin, à l'exception d'un seul. Si l'homme mangeait “de l'arbre de la connaissance du bien et du mal”, il mourrait. Mais le diable met en doute la parole de Dieu, en disant : “Vous ne mourrez pas !”, et il ajoute : “vous serez comme Dieu” (Genèse 3. 4, 5). Il laisse entendre que Dieu priverait l'homme d'être comme lui, et que, s'il désobéit, il pourrait accéder à une condition supérieure en étant indépendant de Dieu et en devenant son égal ; il se suffirait alors à lui-même et pourrait décider de ce qui est bien ou mal.

Adam et Ève ont mangé du fruit défendu, et ce que Dieu avait dit est arrivé. Il les a chassés de sa présence, les laissant privés de relation avec lui, mais responsables. C'est la condition qu'ils nous ont transmise.

Mais Jésus a vaincu le diable et il a ouvert à l'homme un chemin pour retrouver une relation avec Dieu. Comme Adam a été le chef d'une lignée d'hommes éloignés de Dieu, Jésus est le chef de lignée de ceux qui ont la vie de Dieu, qui sont venus à lui. Jésus, par sa mort, leur a donné la vie éternelle, déjà maintenant. Comment venir à lui ? En croyant ce qu'il a dit et ce qu'il a fait. En le priant.